



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE KLEMANS AK 11 MOUN

### *Yo Akòde Atenyasyon pèn ak Padon pou moun ki Demontre Remò, Reyabilitasyon ak Angajman Anvè Kominote yo a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te akòde jodi a klemans pou 11 moun ki te demontre prèv reyabilitasyon ak angajman konsiderab anvè kominote yo a.

"Nan New York nou kwè nan opòtinite egal pou tout moun, epi tout aksyon sa yo pral bay gwoup Nouyòkè sa a ki te pwouve remò yo a epi ki te sibi reyabilitasyon an avèk siksè yon dezyèm chans", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou bay moun sa yo yon dezyèm chans lan pou pran swen fanmi yo epi kontribye an retou nan kominote yo a, nou ap fè yon lòt pa nan direksyon yon New York ki plis ekitab epi ki gen plis konpasyon. Mwen ta vle remèsye avoka devwe volontè yo ki reprezante anpil aplikan pou klemans egzekitif epi ki te pran ka sa yo san konpansasyon nan enterè ekite, jistis ak reyabilitasyon."

#### **Padon yo**

Gouvènè Cuomo te akòde padon pou moun sa yo pa rekonesans pou efò reyabilitasyon yo a. Chak moun ki resevwa padon yo an règ, paske yo te kontribye ak fanmi yo ak kominote yo a epi yo te viv san krim pandan yon peryòd tan konsiderab.

**Alejandro Molinet Vega**, 63 ane, yo te kondane li pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole yo nan Senkyèm Degre ak Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre. Mesye Molinet Vega te viv san krim pandan 29 ane.

**Claudio Hoyos**, 54 ane, yo te kondane li pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre lè li te gen 22 ane. Li te gen yon anlwa reminere epi li te rete san krim pandan 30 ane.

**Adewale Ogunbowale**, 55 ane, yo te kondane li pou Posesyon yon Enstriman Fòje nan Twazyèm Degre ak Konplo pou Fwod nan Premye Degre. Mesye Ogunbowale te konplete sèvis kominotè ak pwobasyon obligatwa yo, peman dedomajman yo epi li te eksprime remò pou krim li yo. Li te rete san krim pandan 21 ane epi li te travay kòm direktè Sekirite Ensandi pou Lopital Harlem (Harlem Hospital) pou plis pase 17 ane.

**Elvin Pinto Martinez**, 43 ane, yo te kondane li pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre lè li te gen 25 ane. Enfraksyon an te soti nan yon depandans pou dwòg. Apre kondanasyon li, Mesye Pinto Martinez te enskri volontèman

nan yon pwogram reyabilitasyon dwòg pou pasyan ekstèn pandan sis mwa. Li pa te rete san krim pandan 19 ane.

**Indira Ozuna**, 53 ane, yo te kondane li pou Kondwit Danjere nan Premye Degre nan laj 32 ane. Li te rete san krim pandan 21 ane.

**Kwame Siriboe**, 41 ane, yo te kondane li pou enfraksyon kriminèl pou posesyon oswa lavant marigwana ant laj 27 ane ak 31 ane. Mesye Siriboe genyen yon Ekivalan Diplòm Segondè (General Education Development, GED) ak sètifikasyon nan mekanik otomobil, Lè Kondisyon ak refrijeryasyon epi li te travay kòm yon travayè mentnans pou Safe Horizon, yon òganizasyon sèvis pou viktim, pandan 11 ane. Yo pa te kondane li pou okenn krim pandan 18 ane.

**Renata Smith**, 41 ane, yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl Marigwana nan Katriyèm Degre lè li te gen 25 ane. Kounye a li ap dirije yon konpayi konsiltasyon nan Enfòmasyon Teknoloji ak yon pwogram epanouisman pou apre lekòl. Madam Smith pa te komèt krim pandan 16 zan.

**David Lugo**, 49 ane, yo te kondane li pou de chèf akizasyon Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Senkyèm Degre an 1995 ak 1998 ak Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1990. Mesye Lugo te gen depandans ak dwòg lè li te komèt krim li an, men li te rete lisid pandan 10 ane epi li te rete san krim pandan uit ane.

**Alexander Levin**, 41 ane, yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre ak Vòl Kalifye nan Katriyèm Degre an 2003. Nan epòk krim yo, Mesye Levin te gen depandans ak metafetamin kristal (crystal methamphetamine). Apre li tre sibi treteman ak siksè pou depandans li a, Mesye Levin te chanje lavi li epi kounye a li se yon chèf patisri yo apresye anpil epi li travay pou pwomouvwa sobriyete nan endistri sèvis manje a. Li te rete san krim pandan 16 ane.

### **Atenyasyon Pèn yo**

Gouvènè Cuomo te atenye pèn jodi a pou de moun ki te demontre prèv reyabilitasyon konsiderab. Yo pral retounen nan kominote yo a epi yo pral ede sèvi kòm mesaj kredib ki esansyèl pou redwi krim toupatou atravè Eta New York.

**Monica Szlekovics**, 42 ane, yo te kondane li pou Asasina nan Dezyèm Degre ak akizasyon ki gen rapò ak sa nan Konte Monroe an 1996. Madmwazèl Szlekovics te genyen edikasyon twomatik, li te sibi abi fizik anba men anpil gason, gen ladan abi fizik ak sikolojik kontini, ekstrèm anba men mari li. Kòm rezilta plizyè ane abi domestik brital, Madmwazèl Szlekovics te ap sibi Twoub Estrès Pòstwomatik Konplèks (Complex Posttraumatic Stress Disorder) ak twomatis ki gen rapò ak lè mari li te fòse li patisipe nan krim sa yo. Mari li te admèt ke se li ki te tire epi touye viktim lan an reyelite. Depi kondanasyon li, Madmwazèl Szlekovics te fini inivèsite avèk yon BA (Lisans) an sikoloji, li travay kòm sekretè/administratè pou pwogram inivèsite a epi li te travay epi answit li te fè volontarya nan sant pou paran an. Li te patisipe tou nan kou sou vyolans domestik yo epi li te gen plizyè ane terapi endividyèl pou viktimizasyon grav nan men ansyen mari li a. Li eksprime remò pou wòl li nan krim yo, epi li genyen gwo sipò gwoup vyolans domestik ak defansè jistis fanm yo. Ansyen Pwokirè Distri Konte Monroe a, Mike Green,

ki te Pwokirè Distri (District Attorney, DA) nan epòk krim Madmwazèl Szlekovics yo, sipòte pèn atenyasyon sentans li a. Avèk yon padon, Madmwazèl Szlekovics espere travay pou yon òganizasyon ki bay pwogram jistis retwoaktif dekwa pou li ka ede viktim vyolans domestik yo ak ansyen prizonye yo reyentegre nan sosyete a nan itilize konpetans li genyen atravè eksperyans edikatif ak pwofesyonèl li a nan prizon.

**Ryan Brice**, 32 ane, yo te kondane li an 2014 pou Posesyon Kriminèl yon Zam nan Dezyèm Degre ak akizasyon ki gen rapò ak sa. Mesye Brice te tonbe nan krim pou fè lajan apre ke fanmi li te pèdi kay li ak posesyon li yo anba inondasyon pandan siklòn Irene lan. Byenke yo te kondane Mesye Brice kòm yon agresè vyolan akòz akizasyon zam yo, li pa te janm angaje nan vyolans. Pandan enkarasyon li a, Mesye Brice te genyen GED li epi li te fini ak fòmasyon pou jesyon kòlè ak pwofesyonèl. Mesye Brice te travay tou kòm yon fasilitatè nan Sèvis Tranzitwa (Transitional Services) depi Janvye 2017. Yon fwa yo libere li, li planifye pou kontinye edikasyon li epi genyen Diplòm Asosye li.

Moun ki enterese aplike pou klemans yo ta dwe vizite [sitwèb klemans](#) Gouvènè Cuomo a. Sitwèb la se yon resous santral pou moun ki ap chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan klemans, kondisyon pou kalifikasyon ak pwosesis aplikasyon an, gen ladan fason pou soumèt dokiman aplikasyon yo elektwonikman. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun ki ap pije santans prizon yo pou yo ale sou sitwèb la epi aplike pou klemans nan non manm fanmi oswa zanmi yo a, oswa voye yon lèt sipò pou moun yo renmen yo ki te aplike pou tèt yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)